

[**◀Atik
anvan-an**](#)

[**Gid jénéral-la**](#)

[**Atik▶
apré-a**](#)

TOUAZIÈM PATI **Lavi nan Kris-la**

DÉZIÈM SÉKSION **Dis kòmandman-yo**

DÉZIÈM CHAPIT **« Sé pou rinmin prochin-ou tankou pròp tèt-ou »**

ATIK 8 ***Uitièm kòmandman-an***

« Ou pap palé kont prochin-ou pou fè fo-témouagnaj » (Ex 20, 16).

« Yo té di ansyin-yo : “Pa fè sèman ; rinnèt Granmèt la sa-ou promèt nan sèman-ou yo” » (Mt 5, 33).

2464 Uitièm kòmandman-an intèdi défigiré vérité-a nan rélasion ak lòt moun-yo. Lòd moral sa-a soti nan vokasion pèp ki sin-an pou-l témouin Bondié-l la ki vérité épi ki vlé vérité-a. Ofansé vérité-a ak paròl-yo oubyin ak aksion-yo fè ouè nou réjté obligasion pou nou kòrèk sou plan moral-la : sé infidélité fondamantal yo yé aléga Bondié épi konsa yo détrui baz fondman aliens.

I. Viv nan vérité-a

2465 Ansyin Téstaman-an témoagné sa : *Bondié sé sous tout vérité*. Paròl li-a sé vérité (cf. Pr 8, 6 ; 2 R 7, 28). Laloua li-a sé vérité (cf. Ps 118, 142).
215 « Pou jénérasion ak jénérasion vérité-ou la » (Ps 119, 90 ; Lc 1, 46). Poutèt Bondié « Véridik » (Rm 3, 4) manb pèp li-a gin vokasion pou yo viv nan vérité-a (cf. Ps 118, 30).

- 2466 Nan Jézu-Kri, vérité Bondié-a parèt aklè toutantié. Li minm ki « plin gras ak vérité » (Jn 1, 14), li sé « limiè tè-a » (Jn 8, 12). Li minm *li sé Vérité-a* (cf. Jn 14, 6). Tout moun ki kouè nan li, yo pa rété nan fènoua (Jn 12, 46). Disip Jézu-a rété nan paròl li-a pou-l kapab konnin vérité k-ap fè nou lib-la (Jn 8, 32) épi k-ap fè nou vîn sin-an (cf. Jn 17, 17). Suiv Jézu sé viv dapré Éspri vérité-a (Jn 14, 17) sa Papa-a voyé nan non Jézu-a (cf. Jn 14, 26) épi k-ap minnin « nan tout vérité-a » (Jn 14, 17 ; 16, 13). Jézu aprann disip li-yo pou yo rinmin vérité-a san kondision (absolu) : « Sé pou paròl ou “oui, oui ; non, non” » (Mt 5, 37).
- 2153
- 2467 Sé natirèlman moun-nan ap chèché jouinn vérité-a. Li gin obligasion pou-l onoré-l épi témougnè-l : « Dapré dignité yo ginyin-an, tout moun, poutèt yo sé moun, [...] pròp sa yo yé-a (nati yo) ap pousé yo, épi yon obligasion moral tou, pou yo chèché vérité-a, sitou toudabò vérité ki konsèné rélijion-an. Yo gin obligasion tou pou yo rété kolé sou vérité yo rivé konnin-an épi pou yo réglé tout lavi yo dapré égzijans vérité-a » (DH 2).
- 2104
- 2468 Vérité-a, kòm douati nan konpòtman ak nan paròl moun-nan, yo rélé-l vérasité (véracité), sinsérité oubuin franchiz (nanm ouvri). Vérité-a oubuin vérasité-a sé vèrtu ki fè yon moun montré sa-l yé vré nan aksion-l yo épi li di vérité nan paròl li-yo, antan li évité doub langaj, fè sanblan ak ipokrizi.
- 1458
- 2469 « Moun-yo [...] pa t-ap kapab viv ansanm youn ak lòt si yo pa-t *kouè* youn nan lòt, tankou youn ap montré lòt vérité-a » (S. Thomas d'A., s. th. 2-2, 109, 3, ad 1). Sé an tout jistis vèrtu vérité-a rinmèt bay lòt-la sa yo doué-l la. Vérité-a kinbé balans ki kòrèk-la ant sa yo doué éksprimé-a épi sa yo doué kinbé sékrè-a : li inpliké konpòtman onèt-la épi diskrézion-an. Nan jistis-la « poutèt moun-nan onèt li doué dékläré vérité-a bay lòt-la » (S. Thomas d'A., s. th. 2-2, 109, 3).
- 1807
- 2470 Disip Kris-la aksépté « viv nan vérité-a », sètadi, nan sinplisé yon lavi ki konfòm ak égzanp Granmèt-la épi ki rété nan vérité li-a. « Si nou di nou nan kominion avèk li, épi n-ap maché nan ténèb, nou fè manti épi nou pa fè vérité » (1 Jn 1, 6).

II. « Rann vérité-a témougnaj »

- 2471 Dévan Pilat, Kris-la proklamé sé pou sa li-minm li vini sou tè-a, pou-l sèvi vérité-a témouin (Jn 18, 37). Krétyin-an pa doué « ront témougnaj Granmèt nou-an » (2 Tm 1, 8). Krétyin-an, nan okazion ki égzijé témougnaj lafoua-a, doué dékläré-l san viré-tounin, dapré égzanp sin Pòl dévan jij li-yo. Li doué gin « yon konsians san répròch dévan Bondié épi dévan moun-yo » (Ac 24, 16).
- 1816

2472 Dévoua krétyin-yo ginyin pou yo patisipé nan lavi l'Égliz-la pousé yo
 863, 905 aji tankou *témouin Évanjil-la* ak obligasion-yo ki soti ladan-l nan.
 Témougnaj sa-a sé transmision lafoua-a ak paròl-yo épi aksion-yo.
 Témouagnaj-la sé yon akt jistis (désizion ki rann jistis) ki établi vérité-a
 oubyin ki fè konnin-l (cf. Mt 18, 16) :

« Tout [...] fidèl krétyin-yo, ninpòt koté y-ap viv, gin obligasion pou yo montré ak égzanp lavi yo épi témouagnaj paròl yo sé yon moun nouvo yo vîn tounin palintèmèdiè Batèm-nan épi yo fòtfifié ak fòs Espri-Sin-an palintèmèdiè Konfirmasjon-an. (AG 11).

2473 *Mati-a* sé témouagnaj ki pi ro-a yo bay vérité lafoua-a ; li dézigné
 852 témouagnaj ki alé jous nan lanmò-a. Antan mati-a fè youn ak Kris-la ki
 1808 mouri épi ki résisité, li rann li témouagnaj. Li rann témouagnaj bay vérité
 1258 lafoua-a épi ansègnman krétyin-an. Li sipòté lanmò-a gras ak yon akt
 kouraj (désizion ki mandé fòs kouraj). « Kité-m tounin manjé pou bêt
 sovaj-yo, sé palintèmèdiè yo m-ap kapab rivé jouinn Bondié » (Ignace
 d'Antioche, Rom. 4, 1).

2474 Sé avèk anpil souin l'Égliz-la ranmasé souvni moun-yo ki té rivé jous
 nan bout nan témouagné lafoua li-a. Sa yo sé Akt mati-yo. Sé archiv
 vérité-a ki ékri ak san :

1011 « Limit tè-a pap sèvi-m anyin ni rouayòm sièk sa-a. Li pi bon pou mouin
 pou-m mouri pou Kris Jézu, pasé pou-m t-a kòmandé sou limit tè-a. Sé li-
 minm m-ap chèché, li ki mouri pou mouin ; sé li-minm mouin vlé, li ki
 résisité pou mouin. Akouchman-m prêt pou rivé... » (S. Ignace d'Antioche,
 Rom. 6, 1-2).

« M-ap fè konpliman pou ou, paské nan jou sa-a ak nan lè sa-a ou fè-m
 mérité pou-m jouin pòsion nan pamí mati-yo [...]. Ou akonpli [promès ou-
 a], Bondié ki pa konn bay manti épi ki vérité. Sé poutèt sa m-ap fè louanj ou
 pou tout bagay, m-ap fè konpliman pou ou, m-ap glorifié ou palintèmèdiè
 Gran-Prèt pou tout tan-an ki nan sièl-la, Jézu-Kri, Pitit ou rinmin-an, sé
 palintèmèdiè-l gloua pou ou avèk li nan Espri-Sin-an koulié-a ak nan sièk k-
 ap vini-an. Amèn » (S. Polycarpe, mart. 14, 2-3).

III. Mové kou kont vérité-a

2475 Disip Kris-la, « abiyé ak moun nouvo-a, ki kréyé sélon Bondié nan
 jistis-la ak vérité-a ki sin-an » (Ep 4, 24). « Antan yo dépozé manti-a »
 (Ep 4, 25), yo doué « rénonsé tout méchansté ansanm ak tout riz, ak
 ipokrizi, ak anvié lò, ak tout kalité médizans » (1 P 2, 1).

2476 *Fo-témouagnaj ak fo-sèman.* Yon déklärasion ki kontrè vérité, lè yo
 2152 fè-l piblikman, sé bagay ki grav yon fason spésial. Dévan yon tribunal li
 tounin yon fo-témouagnaj (cf. Pr 19, 9). Lè yo fè-l anba sèman, sé yon fo-
 sèman (movèz-foua). Konpòtman sa-yo minnin soua pou yo kondané yon
 inosan, soua pou yo akité yon koupab, soua pou ogmanté chatiman moun

yo akizé-a pral sibi-a (cf. Pr 18, 5). Yo mété an danjé yon fason grav ni pratik jistis-la ni ékilib santans jij-yo ap bay-la.

2477 *Réspè répitasion moun-yo* intèdi tout konpòtman ak tout paròl ki kapab kòz fè moun-nan sibi yon domaj injis (cf. CIC, can. 220). Yon moun vîn koupab :

- *jijman témérè* si minm lè li pa di anyin, san fondman sifizan, li admèt kòm vérité gin yon défo moral lakay prochin-l ;
- *médizans* si san rézon ki réyèlman valab, li dévoualé défo ak fot kèk moun bay lòt ki pa-t conn sa (cf. Si 21, 28) ;
- *kalomni* si ak déklärasion ki kontré vérité-a, li nui répitasion lòt-yo épi li bay okazion fo-jijman osijè yo.

2478 Pou évité jijman témérè-a, sé pou chak moun, nan mézi sa kapab fêt, pran souin intèprétré nan bon sans lidé, paròl épi aksion prochin-l :

« Sé pou yo sipozé ninpòt bon krétyin doué pi vit dispozé pou pran nan bon sans yon fraz oubuin yon déklärasion ki pa fin klè yon lòt fè, pasé pou kondané-l. Min si pa gin okinn mouayin pou défann sa-1 di-a, sé pou yo mandé sa-1 té vlé di ; épi si sa-1 pansé oubuin konprann-nan t-a mouins kòrèk, sé pou yo korijé-l ak byinvéyans ; épi si minm sa pa asé, sé pou yo ésséyé tout chémin adapté pou yo ka byin konprann moun-nan oubuin rétiré-l nan érè » (S. Ignace, ex. spir. 22).

2479 Médizans ak kalomni détrui *répitasion ak onè prochin-an*. Onè-a minm sé témouagnaj yo bay dignité moun-nan nan sosiété-a, épi chak moun joui doua natirèl pou onè non-l, pou répitasion-l épi pou respè-l. Konsa médizans-la ak kalomni-an ofansé vèrtu jistis-la épi charité-a.

1753 2480 Yo doué intèdi tout paròl ak tout konpòtman *k-ap flaté*, *k-ap karésé an aparans oubuin k-ap présé dakò* pou ankourajé épi ranfòsé yon lòt nan méchansté aksion-yo oubuin nan pèvèision konpòtman-l. Karésé mounnan an aparans (adulation) sé yon fot ki koupab yon fason grav si-1 fè vîn tounin konplis vis ak péché grav. Souété rann sèvis oubuin zanmitay pa jistifié doub langaj. Karésé moun-nan an aparans (adulation) sé yon péché vénèl lè sé sèlman pou pa dézagréab ak moun-nan, oubuin pou évité yon mal, pou poté sékou bay yon moun, pou rivé jouinn yon avantaj léjitim.

2481 392 2482 Fè ouè-a (*jactance*) oubuin vanté tèt-ou (vantardise) sé fot kont vérité-a. Sé minm bagay-la pou yo di osijè *pasé nan jouèt-la* (*ironie*) *k-ap chèché déprésié* yon moun antan yo fè pòtré-l ki rizib, yon fason malvéyan, pou kèk aspè nan konpòtman-l.

« *Manti-a* sé dékläré kichòy ki pa vré ak intansion pou tronpé » (S. Augustin, mend. 4, 5 : PL 40, 491). Granmèt-la dénoncé manti-a kòm travay djab-la : « Nou minm sé kot papa nou-an, djab la, nou soti [...]. Pa gin vérité nan li. Lè l-ap palé manti, sé nan pròp afè pa-l li pran pou-l palé, paské li sé mantè épi li sé papa manti » (Jn 8, 44).

2483 Manti-a sé atak ki pi dirèk kont vérité-a. Bay manti sé palé oubuin aji kont vérité-a pou tronpé moun. Manti-a, antan li ofansé rélasion moun-

nan ak vérité-a épi ak prochin-an, li nui rélasion fondamantal ni moun-nan ni paròl-li ginyin ak Granmèt-la.

2484 Yo méziré *gravité manti-a* dapré kalité vérité li défòmé-a, dapré
 1750 sikonstans yo, intansion moun ki fè-l la, domaj li kozé moun ki viktim li-
 yo. Si manti-a nan li-minm kapab sèlman yon péché vénèl, li vîn mòtèl lè
 li ofansé vérzu jistis-la épi charité-a yon fason grav.

2485 Poutèt nati-li manti-a kondanab. Li sé profanasion paròl-la ki fèt pou
 1756 kominké vérité nou konnin-an bay lòt-yo. Désizion volontè pou minnin
 prochin-an nan érè ak déklarasion ki kontrè vérité-a, sé yon mank jistis ak
 charité. Li koupab pi plis lè intansion tronpé-a fè moun yo détounin
 parapò a vérité-a glisé nan danjé ki kapab gin konsékans térib pou li.

2486 Manti-a (poutèt li détrui vérzu vérasité-a) sé yon violans tout bon yo fè
 1607 sou lòt-la. Sa blésé-l nan kapasité pou-l konnin-an ki kondision tout
 jijman ak tout désizion. Manti-a gin espri divizion-an k-ap jèmin nan li
 ansann ak tout mal sa kapab fè. Manti-a térib nan tout sosiété ; li krazé
 baz konfians nan pamí moun-yo épi li kasé kòd rélasion sosial-yo.

2487 Tout fot yo fè kont jistis-la ak vérité-a égzijé yon dévoua réparasion,
 1459 minmsi yo t-a padoné moun ki fè-l la. Lè li inposib pou yo réparé fot-la
 piblikman, yo doué fè sa an sékrè ; si yo pa kapab bay moun ki sibi
 domaj-la réparasion dirèk, yo doué moralman ba-l yon satisfaksion, poutèt
 charité-a. Dévoua réparasion sa-a konséné tou tout fot yo fè kont
 répitasion yon moun. Réparasion moral épi pafoua matérièl sa-a sé pou yo
 kalkilé-l dapré mézi domaj li fè-a. Konsians-la oblijé yo fè réparasion-an.

IV. Réspékté vérité-a

2488 *Doua pou kominké vérité-a* pa san kondision [réstriksion] (absolu).
 1740 Chak moun doué konfòmé lavi-l dapré laloua charité fratènèl-la Évanjila.
 Nan ka ki konpliké-yo, charité sa-a mandé pou byin pézé si sa konvnab
 ou non ou révélé vérité-a bay moun ki mandé-l la.

2489 Charité-a épi respè vérité-a doué détèminé répons pou tout *démann infòmasion oubyin kominkasion*. Byin ak sékirité lòt-yo, respè lavi privé-a, byin komin-an sé rézon ki sifizan pou pé bouch sou sa moun pa doué konnin oubyin pou gin prudans nan langaj-la. Dévoua pou évité skandal-la kòmandé ampil foua yon silans ki strikt. Pèsonn moun pa oblijé révélé vérité-a bay moun ki pa gin doua pou konnin-l (cf. Si 27, 16 ; Pr 25, 9-10).

2490 *Sékrè sakréman Rékonsiliasion-an* sakré, yo pa kapab trayi-l sou okinn
 1467 prêtèks. « So sékrè sakréman-an pa kapab défèt ; sé poutèt sa konfésè-a pa

gin doua trayi pénitan-an nan okinn fason, ni nan paròl ni yon lòt fason ni pou okinn kòz » (CIC, can. 982).

2491 *Sékrè profésionèl-yo* – parégzanp sa moun ki nan politik-yo, militè-yo, médsin-yo, avoka-yo gin pou kinbé yo – oubuin konfidans yon zanmi fè anba so sékrè-a, yo doué kinbé yo, sof nan ka éksépsionèl koté konsèvé sékrè-a t-a kòz domaj grav pou moun ki konfié-l la, moun ki résévoua-l la oubuin yon lòt moun (tièrs pèrsòn), épitou sèl fason yo kapab évité domaj sa-a sé fè konnin vérité-a. Infòmasion yo bay an privé-yo, minm si yo pa anba so sékrè-a, si yo kapab koz domaj pou lòt moun, yo pa doué fè konnin yo san yon motif grav épi propensionèl.

2492 Chak moun doué kinbé rézèv jistis-la mandé-a aléga lavi privé lòt moun-yo. Responsab komunikasion-yo doué kinbé yon balans ki ékilibré ant égzijans byin komin-an épi respè doua patikilié-yo. Si chèché infòmasion-an anvayi lavi privé moun k-ap okipé aktivité politik oubuin piblik pou ataké intimité ak libété yo, sa kondanab.

V. Sèvi ak mouayin komunikasion sosial-yo

2493 Nan sosiété modèn-nan, mouayin komunikasion sosial-yo gin yon pi gran plas nan bay infòmasion-an, nan fè promosion kilti-a ak nan travay fòmasion-an. Plas yo okipé-a ogmanté poutèt progrè téknik-la ap fè, poutèt lajè ak divèsité nouvèl y-ap fè konnin-yo, poutèt infliyans yo égzèsé nan opinion piblik-la.

2494 Infòmasion ki fèt ak média-yo, li osèvis byin komin-an (cf. IM 11).
1906 Sosiété-a gin doua pou-l jouinn infòmasion ki fondé sou vérité, libète, jistis épi solidarité :

« Min pou yo égzèsé doua sa-a yon fason kòrèk sa mandé pou, kanta sa y-ap di-a, komunikasion-an toujou vré épitou – antan yo kinbé jistis-la ak charité-a – pou li toujou intégral (toutantié) ; an plis, kanta fason y-ap bay li-a, fòk li onèt épi konvnab, sètadi pou lè y-ap chèché nouvèl-yo épi fè yo sikilié yo kinbé laloua moral-yo ansanm ak doua ak dignité léjitim moun-nan kòm bagay ki sakré » (IM 5).

2495 « Li nésèsè pou tout manb sosiété-a ranpli dévoua jistis ak charité-a
906 nan domèn sa-a tou ; yon fason pou ak mouayin [komunikasion] sa-yo tou, yo rivé fòmè épi gayé opinion piblik ki kòrèk » (IM 8). Solidarité-a parèt tankou konsékans yon komunikasion ki vré épi ki kòrèk, konsa tou li sé konsékans sikilasion lidé-yo ki lib k-ap ankourajé konnin lòt moun-yo épi respékté yo.

2496 Mouayin komunikasion sosial-yo (sitou mouayin pou mas moun-yo = mass média) kapab anjandré yon léspri pasif kay moun k-ap sèvi ak yo,

2525 antan yo fè moun sa-yo tounin konsomatè nouvèl ak spéktak san yo pa vijilan. Moun k-ap sèvi ak yo doué bay tèt yo disiplîn ak modérasiyon parapò a “mass média”-yo. Yo doué fòmé pròp konsians yo yon fason ki ékléré épi ki douat pou yo kapab rezisté pi fasil dévan infliyans ki pa trò onèt.

2497 Réponsab jounal-yo, poutèt fonskion yo-a, gin obligasion pou yo sèvi vérité-a épi pa andomajé charité-a nan difizion infòmasion-an. Ak minm souin-an, sé pou yo fè éfò réspékté nati événman-yo jan yo pasé-a épi limit jijman kritik osijè moun-yo. Yo doué évité tonbé nan gayé mové bri k-ap kouri sou yon moun (difamasion).

2498 « *Otorité sivil-la* gin dévoua patikilié ki strikt nan bagay sa-a poutèt byin komin-an [...]. Sé yo ki gin otorité, poutèt fonksion yo-a, pou yo protéjé épi défann yon véritab libète infòmasion ki kòrèk » (IM 12). Lè y-ap biblijé laloua yo épi lè y-ap véyé pou aplikasion yo, pouvoua biblik-yo doué garanti pou « mové itilizasian instriman sa-yo pa kozé danjé ki riské grav pou moral biblik-la ak progrè sosiété-a » (IM 12). Sé pou yo pini tout sa ki ataké doua chak moun ginyin pou répitasion-l ak sékrè lavi privé-l. Sé pou yo bay nan tan ki konvnab épi yon fason onèt infòmasion ki konsènè byin jénéral-la oubyin ki korésponn ak inkiétid popilasiyon-an gin rézon ginyin. Pa gin anyin ki kapab jistifié pou yo sèvi ak fo-infòmasion pou défòmé opinion biblik-la yon fason atifisièl ak média-yo. Intèvansion sa-yo pa doué blésé libète individu-yo oubyin group-yo.

2499 Sans moral-la dénoncé mové kou Léta totalité-yo bay lè yo falsifié vérité-a sistématikman, lè y-ap égzèsé yon dominasian politik sou opinion-an gras a média-yo, lè y-ap « manipilé » (« défòmé atifisièlman ») akizé-yo ak témouin-yo nan prosè biblik épitou lè yo pansé yo kapab asiré diktati yo-a antan y-ap bloké épi fè réprésion sou tout sa yo konsidéré kòm « krim opinion » (délits d’opinion).

VI. Vérité, bëlté épi “Art sacré”

2500 Gin yon plézi spirituèl spontané ak yon bëlté moral ki akonpagné pratik byin-an. Minm jan-an tou, vérité-a poté avèk li kè kontan ak ékla bëlté spirituèl-la. Vérité-a bël nan li-minm minm. Vérité paròl-la, ki eksprimé konésans rasionèl ni réalité kréyé-yo ni sa yo pa kréyé-yo, li nésèsè pou moun-nan ki gin intèlijans, min vérité-a kapab jouinn lòt fòm ekspréson tou kay moun-nan, k-ap konplété vérité paròl-la, sitou lè sé pou fè déviné sa li gin nan li yo pa kapab di ak mo, tankou profondè kè moun-nan, rotè nanm-nan kapab monté, mistè Bondié-a. Minm anvan Bondié révélé tèt-li bay moun-nan avèk paròl vérité-a, li té révélé-l atravè langaj inivèsèl kréasion-an ki travay Pardò li-a, Sajès li-a : apati lòd ak bon akò tout inivè-a – sa ni timoun ni savan kapab dékouvri –, « apati grandè ak bëlté kréati-yo, li posib pou yo ouè avèk konésans yo Sa-a ki kréyé yo-

2189 a » (Sg 13, 5), « sa-a ki fè bëlté-a, sé li minm ki fè tout bagay sa yo » (Sg 13, 3).

« [Sajès-la] sé réyon ki soti dirèk nan klèté Bondié ki gin tout pouvoua-a ; sé pousa yo pa jouinn okinn tach nan li ; li sé klèté limiè tout tan-an, li sé glas san tach ki montré gloua Bondié-a, li sé pòtré bon kè-l » (Sg 7, 25-26). « Sajès la pi kléré pasé solèy, li dépasé aranjman zétoual yo. Si yo konparé-l avèk limiè-a, li ranpòté prémié pri ; sèké lannuit vîn apré limiè, min méchansté-a pa ranpòté viktoua sou Sajès la » (Sg 7, 29-30). « Mouin té vîn rinmin bël fòm li » (Sg 8, 2).

2501 « Bondié kréyé moun-nan nan pòtré-l » (Gn 1, 26), moun-nan éksprimé vérité rapò li ginyin ak Bondié Kréatè-a palintèmèdiè bëlté réalisazion atistik li-yo tou. “Art”-la (aktivité atistik-la), tout bon vré, sé yon fòm ékspréson ki karaktérizé moun-nan kòm moun ; “art”-la sé yon débòdman spontané gratis ki soti nan richès ki anndan moun-nan kòm kréati épi ki alé pi louin pasé éfò pou jouinn sa-l békouin pou-l viv-la, ki komin pou tout kréati vivan-yo. “Art”-la soti nan talan Kréatè-a bay épi nan pròp éfò moun-nan. Sé yon fòm sajès pratik ki mété konésans ak ladrès (savoir-faire) ansanm (Sg 7, 18) pou-l bay vérité yon réalité yon fòm nan yon langaj jé ak zòrèy kapab kapté. Konsa “art”-la (aktivité atistik-la) gin yon résanblans ak aktivité Bondié nan kréasion-an, nan mézi li pran inspirasian-l nan vérité réalité yo ak nan rinmin pou yo. “Art”-la (aktivité artistik-la), tankou tout lòt aktivité moun-nan, pa gin yon finalité ki détaché (absolu) nan li-minm, min li orienté nan diréksion dènié finalité moun-nan, sé sa ki ba-l valè (cf. Pie XII, discours 25 décembre 1955 et discours 3 septembre 1950).

339

2502
1156-1162

“Art sacré”-a vrè épi bël, sé lè, gras ak fòm-li, li korésponn ak vokasian-l, sètadi : lè nan lafoua ak adorasion, li fè déviné épi glorifié mistè transandans Bondié-a, bëlté vérité ak rinmin yo pa kapab ouè-a ki dépasé tout bagay-la, sa-k té parèt nan Kris-la, « li minm ki klèté gloua li ak pòtré sa-l yé-a » (He 1, 3), « sé nan li minm, ak tout kò-l, tou sa Bondié yé-a abité » (Col 2, 9), sé bëlté spirituèl k-ap réflété nan la Trè Sint Vièj Mari, nan anj-yo ak sin-yo. Véritab “art sakré-a” minnin moun-nan nan adorasion, priyè épi nan amou Bondié ki Kréatè épi Sovè, ki Sin épi Sanktifikatè.

2503 Sé poutèt sa, Évêk-yo doué, yo-minm minm oubiyin palintèmèdiè délégué yo, véyé pou “art sakré”-a, ni sa-k ansyin ni sa-k nouvo, yo fè-l progrésé nan tout fòm li-yo, épitou, ak minm souin sa-a, rélijiézman, pou yo rétiré nan litiji-a ak nan kay sakré-yo tout sa ki pa konfòm ak vérité lafoua-a épi ak vrè bëlté “art” sakré-a (cf. SC 122-127).

RÉZIMÉ

- 2504 « *Ou pap palé kont prochin-ou pou fè fo-témouagnaj* » (Ex 20, 16). *Disip Kris-la « abiyé ak moun nouvo-a, ki kréyé sélon Bondié nan jistis-la ak vérité-a ki sin-an* » (Ep 4, 24).
- 2505 Vérité-a oubyin vérasité-a sé fòs kalité (*vertu*) ki fè yon moun montré sa li yé vré nan aksion-l yo épi nan paròl l-ap di, antan-l évité doub langaj, fè sanblan ak ipokrizi.
- 2506 Krétyin-an pa doué « *ront témouagnaj Granmèt nou-an* » (2 Tm 1, 8) nan aksion-l ak nan paròl-li. Mati-a sé témouagnaj ki pi ro yo bay vérité lafoua-a..
- 2507 Réspè pou répitasion ak onè moun-yo intèdi tout konpòtman ak tout paròl médizans ak kalomni.
- 2508 Manti-a sé di sa-k pa sa, avèk intansion pou tronpé prochin-an.
- 2509 Yon fot koupab kont vérité-a mandé réparasion.
- 2510 « *Règle d'or* »-la pèmèt disènè, nan ka ki konpliké-yo, si-l konvhab ou non pou révélé vérité-a bay moun ki mandé-l la.
- 2511 « Sékrè so sakréman-an, yo pa kapab kasé-l » (CIC, can. 983 § 1). Yo doué kinbé sékrè profésionèl-yo. *Infòmasion sékrè ki kapab andomajé lòt moun, yo pa doué fè konnin-yo.*
- 2512 Sosiété-a gin doua pou-l jouinn yon infòmasion ki fondé sou vérité-a, libèté-a, jistis-la. Li konvhab pou chak moun bay tèt-li kontròl ak disiplîn nan sèvi ak mouayin komunikasyon sosial-yo.
- 2513 Aktivité atistik-yo, min sitou « *art sakré* »-a « *dapré pròp natu-yo y-ap chèché eksprimé bëlté san limit Bondié-a nan kèk fason ak travay moun-nan fè, épi yo minnin pi plis nan fè louanj ak gloua pou Bondié poutèt yo pap chèché anyin dòt pasé pou travay yo-a poté konkou nan pi ro dégré pou viré lëspri moun-yo al jouinn Bondié avèk amou* » (SC 122).

[**◀Atik
anvan-an**](#)

[**Gid jénéral-la**](#)

[**Atik►
apré-a**](#)